**CIVIC ACTION TEAMS**

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक **#७६**

२७।७।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करबाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## कामके लेल पारिश्रमिकपर आधारित सामुदायिक आयोजनाके प्रारुप

स्थानीय तहमे सूचिकृत बेरोजगार व्यक्तिके न्युनतम रोजगारी सुनिश्चित कर एवं सामुदायिक पूर्वाधारसभके विकास मार्फत नागरिकके जीवनयापनमे सुधार लाबके लेल प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रम अन्तरगत निचादेलगेल प्रकृतिके आयोजना संचालन हेतै :



### १. सार्वजनिक पूर्वाधार निर्माण या दोसर सार्वजनिक आयोजना

(रोजगार सेवा केन्द्रमे सूचिकृत बेरोजगार व्यक्तिके काम करल दिनके मजदुरी देल जाऽसके तेना क निर्माण कार्य केनाई - **क्यास फर कन्सट्रक्सन वर्क**)



### २. सार्वजनिक पूर्वाधार मर्मत सम्भारमे रोजगारमुलक आयोजना

(स्थानीय तह भितरके सार्वजनिक पूर्वाधारसभके मर्मत कार्यमे रोजगार सेवा केन्द्रमे सूचिकृत बेरोजगार व्यक्तिके खटाक काम केने दिनके मजदुरी देत **(क्यास फर मेन्टिनेन्स वर्क)**



### ३. श्रमिकके मजदुरी रकम मे साझेदारी आयोजना

(सार्वजनिक क्षेत्रसँ कार्यान्वयनमे रहल आयोजनामे सूचिकृत बेरोजगारके सहभागि कराक ओईके लेल जरुरतके मजदुरीके एवजके रकम अई कार्यक्रमके पूर्ण या आंशिक साझेदारी केनाई (**लेवर वेज सेयरिङ**)



### ४. आरो सार्वजनिक क्षेत्रके आयोजना

(सार्वजनिक रोजगारदाताद्वारा सञ्चालन कएलगेल निर्माण तथा आरो काजमे मजदुर मांग भेलापर रोजगार सेवा केन्द्र सूचिकृत बेरोजगारके खटाक काम करत ।)

स्रोत: https://cutt.ly/hgLWNjU

## नेपाल अपडेट



दियाबाती आ छैठ पाबैनके लेल माटी सँ बनल सामान बेचैत जलेश्वरके कुम्हार समूदायके स्त्रीगण

चित्र: राकेश प्रसाद चौधरी

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १५,८४,३१७

पोजेटिभ: २,०४,२४२

उपचाररत: ३८,४६१

मृत्यु : ११८९

सन्चो भएका : १,६४,५९२




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

**accountabilitylab** NEPAL

# हल्ला र तथ्य



भीडभाड होबवला मनोरञ्जनात्मक जगहसभपर सेहो सरकार खोलके अनुमति देलकै कहादन ।

केवलकार, साहासिक पर्यटन, जंगल सफारी, संग्रहालय लगाएत पर्यटन सँ सम्बन्धित सेवा तथा काजसभ स्वीकृत स्वास्थ्य मापदण्ड तथा सेवा सञ्चालनके लेल मन्त्रालयद्वारा तोकलगेल मापदण्ड पालना होई तेना क संचालनमे आन कहलगेल छै । लेकिन, कोभिड - १९ संक्रमणके जोखिम विश्लेषण कलक एहन गतिविधिमे रोक लगेनाई जरुरी देखेलापर स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयसँगेके समन्वयमे सम्बन्धित DCCMC जरुरी निर्णय लेब सकैय ।

स्रोत: https://ccmc.gov.np/key_decisions/key%20dicision%202077.07.23.pdf



दशमीके बाद फेरो दोसर पाबैन लक्ष्मीपुजा आबिरहल छै । देउसी भैलो जेहन गतिविधी सँ संक्रमण बढके खतरा देखाई छै । सरकार अईके सम्बन्धमे कि करहल छै ?

कोभिड - १९ के संक्रमण रोकथाम तथा नियन्त्रणके लेल घरभितरे सुरक्षित तरिका सँ रह, देउसी भैलो लगाएत भीडभाड होबवला कार्यक्रममे सहभागि नै होब, धियापुताके सेहो तेहन कार्यक्रममे नै पठाब गृह मन्त्रालय सूचना सार्वजनिक केने छै । अईके विपरित काज केलापर कानुन अनुसार कार्वाही हेतै सेहो जनाओल गेल छै ।

स्रोत: https://moha.gov.np/post/va-ja-niapa-ta-7



फेर कोभिड - १९ के बिमारीके जाँच आ ईलाज नि:शुल्क हेतै कहके मतलब कि छै ?

नेपाल सरकार फेर कोभिड - १९ के परीक्षण आ ईलाज कर सूचिकृत सरकारी प्रयोगशाला आ सरकारी अस्पतालमे कोभिड - १९ के ईलाज नि:शुल्क करब कहने छै । ई सेवा लक्षण या चिन्ह देखाएल बिमारीमे लागु हेतै । लेकिन, कहलगेल व्यक्तिसभके कोनो बीमा कम्पनी सँ कोरोना बीमा करेने भेलापर सब परिक्षण आ ईलाज खर्च हुनकर बीमा रकम सँ कएल जेतै । सक्षम, ईच्छुक आ योगदान कर चाहवला लोकसभ जाँच आ ईलाजमे योगदान कलसकैत छैथ ।

स्रोत: https://www.facebook.com/mohpnep/videos/1009717372864668



कर्णाली प्रदेश सरकार उद्यम कर चाहवलाके २ प्रतिशत ब्याजमे १ करोडतक अनुदान दलरहल छै कहादन । कि ई साँच्चे छै ? छई त ई केना भेटतै ?

कर्णालीमे आब उद्यम कर चाहवलाके वार्षिक २ प्रतिशत व्याजदरमे १ करोडतक ऋण पाबवला भेल अछि । कृषि तथा पशुपंक्षी क्षेत्रमे लगानी कल उत्पादन तथा उद्यम कर चाहवलाके लेल प्रदेश सरकार एहन सस्ता व्याजदरमे ऋण देबके व्यवस्था केने छै । ऋण लेबकाल धरौटी लेकिन अनिवार्य राख परत । अपन व्यवसायके प्रकृति आ कार्य योजना अनुसार १ लाखसँ १ करोडतक ऋण लेब सकैत अछि । कृषि विकास वैंक मार्फत १० टा जिलाके १८ टा शाखा सँ २ प्रतिशत वार्षिक व्याजदरमे ऋण उपलब्ध कराबके लेल बैंक आ मन्त्रालयबिच सम्झौता भेल छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/SgNWO4n

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19 को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| नेपाली | ३,३४,४५१ | ७१,१९३ | २६,००० | ४,०६,९१७ | २,२४,९०५ | १७,०५७ | ५००,००० | ३८,८६२ |
| संक्रमित | ३,५१,८४९ | १,३४,९३२ | ८४,०४२ | १,३५,१३२ | १,४६,७३५ | १,१९,४४२ | ४३,७९१ | २७,९४२ |
| नेपाली संक्रमित | ५,१५० | २,१०० | ४५१ | २६,५०० | ३,३५० | ३०० | ८१ | २७ |
| मृत्यु भएका नेपाली | ८३ | १२ (मृत्यु भएक नेपाली) | ३ | १८ | ६९ | १ | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## यूएईके सामाजिक मिडिया सम्बन्धी कानूनमे कि छै ?

### कतार

कतारमे मौषमी फ्लु बिरुद्धके खोपके लेल ६ महिना सँ ५ बर्ष उमेरके धियापुतासभ, ५० बर्ष कटल सब नागरिक तथा मौषमी फ्लुके बहुते खतरा आनसकके अवस्थामे रहल सब तरहके दीर्घ रोगीसभ लगाएत गर्भवती स्त्रीसभ प्राथमिकतामे रहल जनाएल गेल छै । ई खोप हमद मेडिकल कर्पोरेशन अन्तर्गतके सब क्लिनिक लगाएत कतारके आरो ४० टा सँ बेसी निजी क्लिनिक आ अस्पतालसभमे सेहो नि:शुल्क उपलब्ध छै । अई सम्बन्धमे आरो बेसी जानकारी प्राप्त कर या भेटकरके लेल समय लेबके लेल आहाँसभके १०७ मे फोन कलक विकल्प ४ या ५ दबा कल क्रमश: हिन्दी या अंग्रेजी भाषामे बात कलसकैत छी ।

### यूएई

कोरोना महामारीके ध्यानमे रखैत यूएई सरकार मार्च १ सँ पहिले भिषा अवधी खतम भेलसभके बिना जरिवाना अपन देश फिर्ता जायपाबके नियम बनेने छै । पहिले अगस्त १८ तक देलगेल समयके समयावधी परिमार्जन कलक नोभेम्बर १७ तक थपलगेल छै । जँ यूएईमे मार्च सँ पहिले भिषा खतम भलक अवैधानिक रुपमे रहिरहल छी त, ई मौका आब किछ दिन मात्रे बाँकी अछि ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय **(8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** मे हमरासभके प्रत्य  देख सुन सकैत छी ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**




## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००

क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## आर्थिक वर्ष २०७७/७८ के पहिल चौमासमे कोभिड - १९ के संक्रमण रोकथाम नियन्त्रण तथा ईलाज व्यवस्थापनमे सरकारद्वारा कएलगेल रकम निकासा




नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयद्वारा आर्थिक वर्ष २०७७/७८ के पहिल चौमासिक (साउन-कार्तिक) मे कोभिड - १९ के संक्रमण रोकथाम नियन्त्रण तथा ईलाज व्यवस्थापनमे केने रकम निकासा सम्बन्धी जानकारी सार्वजनिक केने छै । जै अनुसार जम्मा रु. ६ अर्ब ८१ करोड ५९ लाख ६ हजार रकम निकासा केने देखाईत छै । ऊ निकासा रकम संघ, प्रदेश आ स्थानीय तह मार्फत खर्च हेतै । हाई डिपेन्डेन्सी युनिट स्थापना कर सबसँ बेसी ४८% रकम निकासा भेल छै । सरकारद्वारा आईसियु, भेन्टिलेटर आ अस्पताल सुदृढिकरणके लेल रु. १ अर्ब २९ करोड ९० लाख रकम निकासा केने छै । तहिना कलक सरकार संक्रमित व्यवस्थापन, कन्ट्याक्ट ट्रेसिङ, जोखिम भत्ता बापत रु. १ अर्ब १४ करोड २९ लाख ६ हजार रकम निकासा केने छै । अखनके अवस्था देखबै त, कोभिड - १९ के बहुते बिमारीसभ घरेमे एकान्तवासमे (करिब २८,०००) रहिरहल अछि । जब की संस्थागत आईसोलेशनमे रहवलाके संख्या करिब १०,५१९ छै । तै सँ १ अर्ब १४ करोड २९ लाख ६ हजार रकम संक्रमित व्यवस्थापन सँ बेसी कन्ट्याक्ट ट्रेसिङ आ जोखिम भत्तामे खर्च केनाई ठिक हेतै । अग्रपंक्तिमे खटिरहल स्वास्थ्यकर्मीसभ जोखिम भत्ता नै पेने शिकायते करहल अवस्थामे बजेट बिनियोजन सान्दर्भिक छै । लेकिन, सरकारके बजेट बिनियोजन कलक मात्रे नै हेतै, ओकरा संघ, प्रदेश आ स्थानीय तहमे तोकलगेल शिर्षकमे प्रभावकारी रुपमे खर्च भेल सुनिश्चित केनाई सेहो ओतबे जरुरी छै ।

नोट: हाम्रो उद्देश्य सरकारले गरेको राम्रो काम र छुट्याएको बजेटको बारेमा सबैलाई जानकारी होस र सो पश्चात यस विषयमा नागरिक र अन्य सरोकारवालाको बिचमा छलफल भई सरकारलाई प्रयाप्त पृठपोषण प्राप्त होस् भन्ने हो । यहाँ प्रस्तुत विवरण पूर्ण हैन । उपलब्ध माध्यमबाट संग्रह गरी राखिएको हो । थप सही तथ्यांक संकलन गरी परिमार्जन गर्दै जानेछौं । यसमा सबैले सहयोग गरिदिनुहुन अनुरोध गर्दछौं ।

accountabilitylab NEPAL

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## बिपना न्यौपाने

मेडिकल ल्याब टेक्नोलोजिस्ट, राष्ट्रिय जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला

"शुरुमे एकदमै डर लागल, बच्चा २ वर्षके भेला सँ भसकैय घर सँ नौकरी छोड् बहुते बेसी दवाव आयल । महामारी त फेर सेहो आब सकैय, हरेक बेर भाईग जेनाई समस्याके समाधान नै छै कहिक आगु बढ्लौ । भोरमे ९ बजे प्रयोगशाला एलाके बाद कखन घर जाय पाएब से पता नै होईछलै । PCR के DNA extraction के प्रकृया एकएक कलक कर परैत छलै । उक बेरमे ९६ टा नमूना मात्रे जाँच कर मिलैछलै । लेकिन, अखन व्यवस्थापन बढिया भेल छै । स्वचालित उपकरण भेला सँ DNA extraction कर आसानी भेल छै । पहिले ४ घण्टा लागवला, आब ४५ मिनटे मे ९६टा नमूना जाँच कर सकै छी । "

## अच्यूत गौतम

अध्यक्ष, पाणिनी गाउँपालिका, अर्घाखाँची



"अखन टोलवासीसभ अपने सचेत भेला सँ बाहर सँ पालिकामे प्रवेश करवल( ासभके १५ दिन घरेमे अलगे राखल जाईत छै । संघ आ प्रदेश सरकार सहयोग करके सट्टा लक्षण देखाएल बाहेकके पिसिआर परिक्षण केनाई बन्द करके निर्देशन देलाके बाद पालिकामे दबाव सहनाई एकदमे मुश्किल भेलै । घरमे ७ कोईके परिवार छै । ७४ वर्षिय बृद्ध बाबुजी छथिन । जनताके सेवा करब कहिक निर्वाचित भेल जनप्रतिनिधी भेलासँ सबसंगे भेटघाटद करके बाध्यता छै । हमरा कारण सँ परिवारके आरो सदस्य आ पालिका भितरके बासिन्दा कोई भी संक्रमित नै होई छै पर सचेत छी । "



## रबिन्द्र चौधरी

प्रमुख प्रसाशकीय अधिकृत, सुद्धोधन गाउँपालिका, रुपन्देही

"लकडाउन शुरु होईतकाल रोल्पाके सदरमुकाम लिवाङसँ ६० किलोमिटर पूर्वदक्षिणमे रहल लुङ्ग्री गाउँपालिकामे छलौ । शुरुके ८/१० दिन बहुते डर लागल । जनप्रतिनिधि आ कर्मचारी केहनो भी परिस्थितीमे सेहो खट परलाके कारण क्वारेन्टाईन बनाब आ व्यवस्थापन करमे लाइग गेलौ । २०७७ आश्विन ७ गते सँ लेकिन रुपन्देहीके शुद्धोधन गाउँपालिकामे कार्यरत छी । जनसंख्याके चाप, भीडभाड, व्यापारिक गतिविधी बेसी भेला सँ होब सकैय, स्वास्थ्य मापदण्डके पालना कम भेल देखाइत छै । अई सँ संक्रमण होबके डर बढ्ल छै । "

सही सूचना

# सार्क राष्ट्रमे कोभिड - १९ के अवस्था

## सार्क राष्ट्रमे कोभिड - १९ के सकृय संक्रमित, निक भेल आ मृत्यु भेल व्यक्तिके संख्या




उपरके ग्राफमे सार्क राष्ट्रमे कोभिड - १९ के सकृय संक्रमित, निक भेल आ मृत्युभेल व्यक्तिके संख्या देखाएल गेल छै । सार्क राष्ट् मे सँ सबसँ बढिया अवस्था भुटानके देखाईत छै । ओकर जम्मा संक्रमित मे सँ ६% मात्रे सकृय संक्रमित छै । तहिना कलक मृत्यु दर सेहो करिब ०% के लगभग छै । नेपालके लेकिन मध्यम तरहके अवस्था छै । ओकर निक होबके प्रतिशत ८१.१% छ त, मत्यु दर ०.६% छै । लेकिन, जम्मा सकृय संक्रमित मुदा १८.४% छै । जे कि श्रीलंका के बाद दोसर बेसी प्रतिशत छै । अई सँ नेपालके अवस्था ओते गम्भीर नै छै से देखाबैत छै, यद्यपी संक्रमण पुष्टि होबके दर अखनो सेहो उच्च छै । आब प्रश्न उठैछै, नेपालके अवस्था कहिया सामान्य हेतै ?

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219